

NOU PRE FEMEN



**FON
POU REBATI
AYITI**





I. KIYÈS NOU YE

KI KOTE LI SOTI :

FRH se yon fon fidisyè ak plizyè bayè Gouvènman an mete sou pye ansanm ak sipò bayè yo pou finansman k ap kore Plan dakson Gouvènman ayisyen an (GH) pou Redresman ak Devlòpman nasyonal la, apre soukous janvye 2010 la.

FINANSMAN :

Diznèf (19) bayè ki abitye bay lajan ak lòt ankò te pran angajman pou bay yon valè 396 milyon dola atravè FRH la epi reyèlman vre te bay 386 milyon dola yo dekwa pou soutni jefò redresman ak devlòpman gouvènman ayisyen an, apre soukous 12 janvye 2010 la..


MEKANIS FONKSÝÖNMAN :

FRH rasanble kontribisyon bayè yo pou li kapab, dapre demand GH la, finanse aktivite priyoritè ki jwenn apwobasyon nan men Komite pilotaj FRH la. Yo te adopte epi mete an pratik règleman pou aksepte finansman yo menm jan tou yon pwosedi rapid pou demand ki pa depase 1 milyon dola. Enfrastrikti, sèvis, devlòpman kominotè, anviwònman, kreyasyon revni ak sipò bidgetè se kèk nan domèn yo ki pi empôtan FRH kapab finanse. Nan senk dènye lane yo, Komite pilotaj la te fè douz chitatpale epi li te deside bay epi rezève apeprè 342.3 milyon dola pou 25 pwojè priyoritè Gouvènman Ayisyen an. Ajans degzekisyon Gouvènman yo te kòmanse aktivite yo kote se kat Antite Patnè ki t ap evalye epi sipèvize yo (Bank Entèamerikèn pou Devlòpman [BID], Ajans Nasyonzini yo, Bank Mondyal osnon Sosyete Finansyè Entènasyonal [SFI]).



ESTRIKI GOUVENANS:

Se yon Komite pilotaj (CP) k ap dirije FRH. Komite a gen ala tè li Minis Lekonomi ak Finans epi li konpoze ak reprezantan GH la (Minis Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn), ak bayè ki pote plis pase 30 milyon dola ameriken kontribusyon bay Fon an : se peyi Brezil, Kanada, Lespay, Lafrans, Japon, Nòvèj ak Etazinin Damerik, ak kat Antite Patnè yo : Bank Mondyal , Bank Entèamerikèn pou Devlopman, Nasyonzini ak Sosyete Finansyè Entènasyonal (SF I), ak Fidisye a, epitou gen obsèvatè ki sòti nan sosyete sivil ayisyen an, administrasyon lokal, sektè prive a, ak Dyaspora, ansanm ak òganizasyon non gouvènmantal entènasyonal. Se Bank Mondyal k ap fè travay Sekretarya a ansanm ak wòl Fidisye pou Fon an.



Nan Pak Makaya yo prepare bouti ke yo bay
moun nan zòn nan pou ede rebwaze pak la
Pwojè Pak Makaya



II. KISA N AP FÈ KOULYE A?

Anpil pwojè ki regade edikasyon, rebati kay, jesyon risk ak enèji te nan kouti pandan lane 2015 la.

A. Pwojè Kay ak Rebat Ayiti nan Pòtoprens (PREKAD) (65 milyon)

Pwojè sa a vin soutni yon pwogram Bank Mondyal ap finanse dekwa pou fasilite rezidan Pòtoprens yo retounen nan katye yo ki te sibi anpil anba soukous la (Delma, Kafoufèy ak lòt) nan kominote yo, pandan y ap ede yo repare epi rebati kay yo, oswa jwenn pi bon kondisyon pou tounen nan kay yo an menm tan y ap pase men nan enfrastrikti ak sèvis kominotè debaz yo. Li konplete tou reyalizasyon pwojè 16/6 la ak PARLOQ ki jwenn finansman nan men FRH ak Nasyonzini tankou Antite Patnè.

Pwojè a te met sou pye twa konplèks lojman pilòt pou plizyè fanmi ki t ap batí nan katye Delma 32, Sanfil ak Poupla epitou gen lide pou tabli yon Sant Rekonstriksyon Kominotè pou chak katye k ap sèvi de sant konsiltasyon ak fòmasyon, pou tout rezidan yo sou kesyon repare ak rebati kay.

Se dizèn milye moun ki benefisyé tou nan pase men yo fè nan enfrastrikti kominotè yo : teren espò, pasaj koridò pou moun mache, lòt espas kolektif ki pat la, limyè nan lari, dlo ki rive jwenn moun yo, tout sa rann lavi rezidan yo pi fasil pi pratik. Met sou sa, drenaj kannal yo ansanm ak lari, riyèl ak koridò ki rekonstwi ak beton osnon adoken, pan mi soutènman yo rebati, se tout sa ki ede rezidan yo evolye nan yon lanviwònman ki pi bon pou sante yo.

Pandan lane 2014-2015 la, men kek gwo pwojè ki te reyalize:

- Genyen 2975 lòt fanmi ankò ki te rive retounen nan katye yo aprè yo te fin repare kay yo, fè travay konstriksyon epi bay sibvansyon pou tounen nan yon kay moun ka fye.
- Nan mwa me 2015, plis pase 75 000 fanmi te benefisyé alemye yo pote nan kominote a
- Yo te wete 1547,65 m³ debri anplis sa ki vin bay yon valè 2404,65 m³ ototal
- Genyen 400 lòt inite ki te rebati, sa vle di 802 ototal ak 10 kay repare an plis, sa vin fè 1134 ototal.

B. Pwojè Rebat 16 Katye ak ede Fanmi nan 6 Kan ki deside tounen lakay yo (30 milyon)

Nan kòmansman lide a se te rebati 16 katye pou yon alemye nan kondisyon debaz yo gras ak patisipasyon kominotè epi fèmen sis kan priyorité, pou pèmèt deplase yo tounen lan katye kote yo te ye anvan an gras ak lajan ki te bay pou tounen an fèt, ede peye lwaye osnon repare/rebat kay.

Senk lane apre, pwojè a toujou ap mache. Li ede fèmen 50 kan epi fè plis pase 10 000 fanmi tounen nan katye yo. Met sou sa, travay pou pot yon alemye nan katye yo ansanm ak kominate yo vin fè rezidan yo renmen pwojè a.

Men rezulta pi konsekan lane 2014-2015 la pote:

- 142 kay ki te andomaje anpil vin rebati, sa vle di 250
- Yo te realize1 ti pwojè an plis nan katye yo, kidonk 13 ti pwojè realize otatal
- 133 ouvriye jwenn fòmasyon ak diplòm nan konstriksyon parasismik, ki vin bay yon total 718 moun fome.
- 31 timoun an plis vin sansiblize, 127 otatal
- 3 kyòsk dlo anplis vin bati, sa vle di 14 otatal
- Konstriksyon 570 mèt lineyè pan mi soutènman
- 2,238 mèt lineyè drenaj anplis, ki vin bay 2719 otatal
- 1000 mèt lineyè wout ankò, pou yon total 4550
- 83 mikwo ak ti biznis anplis te rive benefisyé lajan prete (mikwokredi), kidonk 441 otatal
- 987 djòb te kreye, sa vle di 5460 otatal

C. Pwojè nan ledikasyon (33.7 milyon)

Lajan ki bay pou pwogram ledikasyon yo sèvi pou pi fò nan amelyore aksè ak kalite ledikasyon pou elèv yo menm jan tou pou kore fòmasyon pwofesyonèl an Ayiti. Nan pam pwojè sila yo ki nan kouti genyen **Pwojè Rebat Sektè Edikasyon ; Pwojè pou Soutni Mizannèv Plan Operasyonèl 2010-2015 la ak Refòm Edikasyon an; Pwojè Fòmasyon Pwofesyonèl** (Technical and Vocational Education and Training- TVTE) ak Pwogram Kantin nan Lekòl. Dènye pwojè sa a konplete epi elaji aktivite kantin nan lekòl yo nan kad pwojè Ledi-kasyon pou Tout Moun – Faz 2 ki nan Bank Mondyal.

Rezulta ki pi enpòtan pou lane 2014-2015 la gen ladan yo:

- Siyati kontra nan mwa davril ak me 2015 pou bay manje nan 252 lekòl ki kouvri plis pase 93 000 etidyan chak jou, kidonk ki depase objektif 76 500 la yo te panse pou 4 depatman yo
- Kontra sa yo kouvri jou lekòl ki rete pou 2015 la ansanm ak toulèjou lane skolè 2015-2016 la
- Konstriksyon an fini pou 4 lekòl nan Laguamite, nan Sansousi, nan Laflè ak nan Ravin Twonpèt. Lekòl yo pare pou rantre lekòl 2015-2016 la. Konstriksyon senkyèm lekòl la nan Bwa Lorans nan kouti, li ta dwe pare nan mwa desanm 2015 la
- Pasasyon apèl dòf la konplete pou ekipe 7 lekòl yo batí nan kad pwojè a.

D. Pwojè pou bese enpak Dezas natirèl yo nan Sid (9 milyon)

Objektif pwojè sa a se kreye **pak natirèl Makaya** a epi bese ewozyon rapid nan lantouraj basen anwo nan pati sidwès peyi D Ayiti

Nan kouran lae 2014-2015 la, yofin depase twa etap:

- Finalize delimitasyon fizik pak la
- Plis pase 500 000 pye bwa te plante nan zòn tanpon pak la
- Yo te mobilize yon premye gwoup plis pase 40 gadyen pou fè siveyans pak la

E. Pwojè Reyabilitasyon liy Pelig la – Pòtoprens (16 milyon)

Pwojè sila a enpòtan anpil pou ka gen alemye nan transmisyon pi gwo pwodiksyon kouran andeyò Pòtoprens. Li jwenn apwobasyon final Komite Pilotaj la ane sa a, pou yon valè 16 milyon dola.

Pou eksplike sa pi klè, liy transmisyon Pelig la ap genyen reyabilitasyon sikwi (anwo tè ak anba tè) ak yon kapasite transfè yo evalye a 160 MVA pou de sikwi k ap mache ansanm, konsa l ap rann posib transmisyon sekirize kapasite pwodiksyon an rive 80 MW nan kapital la.


Pou koulye a, yo fè apèl dòf pou sipèvizon an epi yo chwazi 6 fim. Yo prevwa lanse demand pwopozisyon an nan twazyèm semèn mwa Jiyè 2015.

F. Pwojè Devlòpman Pwodiksyon ak Transfòmasyon lèt nan peyi D Ayiti (2 milyon)

Pwojè 2 milyon dola sa a te vize pote lavi miyò bay ti peyizan yo pandan l ap respekte lanviwònman an epi kore devlòpman tout filyè lèt la nan peyi D Ayiti. Li ta dwe ede mete sou pye 30 izin tranfòmasyon lèt youn apre lòt (6 ak tout inite pwodiksyon fwomaj yo), kote se òganizasyon plantè yo k ap dirije epitou k ap founi lèt ak fwomaj bay pwogram lamanjay nan lekòl.

Pwojè sa a fini nan mwa jen 2015 la ak pi gwo rezulta sila yo :

- Yo batí twa lètri/sant sèvis nan twa zòn dentèvansyon pwojè a
- Twa lètri yo ekipe ak materyèl adapte pou travay la
- Santral pou vann pwodui Lèt Agogo yo ki chita nan FENAPWOLA ap mete sou pye yon nouvo estrateji pou vann
- 884 elvè/pwodiktè lèt yo regroupe nan 3 asosyasyon ki anrejistre legalman
- Yo te fòme 56 kad espesyalize nan tout kesyon ki regade lèt
- 9 anplwaye enpòtan nan twa lètri yo te benefisyé fòmasyon nan teknoloji lèt



Kay ki konstwi pou plizyè fanmi nan mòn Laza,
yon katye ki te detwi nan trambleman de tè 2010 la

Pwojè 16/6



Fwomaj prese, ki trè popilè an Ayiti, ke yap pwodwi nan kote yo fè lèt
nan Tomazo

Pwojè Developman Pwodiksyon ak Transfòrmasyon lèt nan peyi Dayiti

III. SITIYASYON FINANSYE FRH


A. Resous FRH

Akimilasyon FRH genyen depi li egziste rive jouk nan fen lane fiskal 2014-2015 la (30 jen 2015) rive yon valè total **388.8 milyon dola** ki gen ladan li yon bò kontribisyon bayè yo bay tout bon vre pou apeprè **386.05 milyon dola** epi yon lòt bò, lajan plasman yo rapòte pou yon valè **2.75 milyon dola** ki sòti nan plasman fidisyè a fè epitou rès lajan ki rete nan men antite patnè yo sou vèisman yo resevwa men ki panko depanse pou pwojè pa yo. Nan fen lane fiskal la, sèl vèisman FRH rete pou l resevwa se yon valè 10 milyon dola ki toujou rete dwe sou kontribisyon peyi Lespay te pwomèt.

B. Afektasyon fon yo

Komite pilotaj FRH la te dakò ak desizyon finansman pou yon total **347.6 milyon dola** ladan li gen yon valè **332.4 milyon dola** -sa vle di **95.6% depans angaje yo**- ki prevwa pou finanse aktivite dirèk pwojè Antite Patnè yo soumèt; yon valè **10.0 milyon dola** -sa vle di **2.9% lajan angaje yo**- pou frè Antite Patnè yo ki gen arevwa ak pwojè epi yon total **5.2 milyon dola** -sa vle di **1.5% lajan angaje yo** - pou bidjè administrasyon Sekretarya ak Fidisyè FRH la rive jouk fen jen 2016.

Desen 3.1 Fason Resous FRH yo separate ant Pwojè, Frè EP ak Depans Administrasyon (an milyon dola ak pouvantaj)



C. Rès lajan ki disponib

Lè nou konsidere afektasyon fon sa yo Komite Pilotaj la fè, lajan disponib ki rete sou bidjè FRH la nan dat 30 jen 2015 se **41.2 milyon dola**, sa ki koresponn ak fon 40 milyon dola ki rezèye pou plizyè pwojè ki an preparasyon epi tou yon valè apeprè **1.2 milyon dola** ki kapab sèvi si demen yo deside bay lòt finansman.

D. Nouvo Finansman ki te bay an 2014-2015

Pandan lane 2014-2015 la, Komite pilotaj te bay apwobasyon sèlman pou finansman final pwojè ki regade Liy Transmisyon Pelig la, pou yon valè final 16,0 milyon dola ki vin konplete ak yon lòt finansman 7,5 milyon dola BID bay pou kouvri tout bezwen pwojè sila yo ki te evalye pou 23,5 milyon dola.


An menm tan, Komite a te konsanti tou yon valè **334,000 dola** pou kouvrir depans administrasyon Fidisyè a ak Sekretarya a pou lane fiskal 2016 la.

E. Dekesman an 2014-2015

Preske tout angajman FRH yo pou yon valè 347.6 milyon dola apeprè te deja remèt. Antite patnè ki konsène yo te resevwa yon valè total **342.4 milyon dola** ki se pwojè ki apwouve yo ak frè EP, Sekretarya a ak Fidisyè an, yo menm sou bò pa yo te ankesé **5.2 milyon** pou bidjè administrasyon ki bay ak etid evalyasyon. Efektivman pandan lane sila a, Fidisyè a te finalman fè dekesman yon valè **16 milyon dola**, apre Komite Pilotaj te fin bay apwobasyon final li sou pwojè a nan mwa jen 2015.

Fason resous FRH yo separate bay Antite Patnè yo pa chanje anpil si n ap konpare I ak lane fiskal anvan an. Pi fò resous FRH pou pwojè yo – sa vle di 132.6 milyon, ak 39 pouasan– te al jwenn 5 pwojè Bank Mondyal ap jere. BID te kenbe pòsyon pa li ki se yon valè total 82.2 milyon dola ki al jwenn 10 pwojè anba sipèvizon li, sa ki reprezante 24 pouasan afektasyon total yo. Ajans Nasyonzini yo te konsève menm nivo resous yo ak 127.6 milyon ki reprezante 37 pouasan valè FRH te apwouve osnon rezève (gade Desen 4.2 : Resous Total ki al jwenn Antite Patnè yo).

Desen 3.2 Resous Total ki al jwenn Antite Patnè yo (an milyon dola ak tout pouvantaj yo)




An menm tan, dekesman chak Antite Patnè fè bay pwojè pa li, an wos nèt.

Nivo global nan dekesman lajan bay benefisyè final FRH yo nan fen jen 2015 te 77% yon tiraj 263 milyon konpare ak transfè global 342.3 milyon yo. Bank Mondyal te debouse **108.2 milyon** –sa vle di yon to dekesman espesyal kimi-latif **81.6%** kont sèlman **56%** an 2014-; BID te dekese **33.3 milyon** (sa vle di yon to kimilatif **40% kont 15% an 2014**) epi Ajans Nasyonzini yo te bay **121.4 milyon dola (91% kont 89% an 2014)** sa ki montre gen gwo pwogrè ki fèt nan vitès reyalizasyon pi fò pwojè yo ki nan pòtfèy FRH nan kouran lane sila a.

F. Depans Administrasyon

Depans administrasyon Sekretarya ak Fidisye a te fè toujou rete nan nivo rezonab ki montre FRH jere ak pridans epi refleksyon. Depans administrasyon kimilatif yo rete a 1.5% afektasyon total FRH yo.




Renovasyon sou lyi transmision Pelig pou rive 115 kilowat ap ogmante kantite elektrisite nan Pòtoprens

Pwojè reabilitasyon dig Pelig la



FON POU REBATI AYTI

Fon pou Redrese, Rekonstwi ak Devlope Ayiti



Pwogram kantin pou lekòl yo pèmèt ke 905 timoun nan lekòl **Jesus**

Enfant nan Potoprens jwenn yon pla cho chak jou. Manje sila a an jeneral se mayi mouli ak pwa, sòs pwason ak ji zoranj.

Pwogram kantin pou lekòl yo



387, route de Bourdon, Port-au-Prince

📞 +(509) 3442 8385

✉️ info@haitireconstructionfund.org

🌐 www.haitireconstructionfund.org

🌐 www.fondsdereconstructionhaiti.org